| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |
| | | | | | | |

**IОныгъо**

| бл | гъу | бэ | мэ | бшхо | мф | тхьэ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |
| | | | | | | |

**Чъэпыогъу**

| бл | гъу | бэ | мэ | бшхо | мф | тхьэ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

**ШэкIогъу**

| бл | гъу | бэ | мэ | бшхо | мф | тхьэ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |
| | | | | | | |

**Тыгъэгъаз**

| бл | гъу | бэ | мэ | бшхо | мф | тхьэ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |
| | | | | | | |

## 2 Ыхэ чIэт илъэсхэр къэшъутх.

2002 МинитIурэ тIурэ

1995 Минрэ шъибгъурэ тIокIиплIырэ пшIыкIутфырэ

2005 МинитIурэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

1986 Минрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

1973 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

2017 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

1864 . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

1864 ЖъоныгъуакI 21 - Минрэ шъийрэ тIокишрэ плIырэ илъэс, ЖъоныгъуакI мазэм и тIокIишрэ зырэ маф. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

3

## 2. Лъабжьэм тхыгъэу щIэт бжыгъэхэр фтхы.

Минрэ щибгъуурэ хыщIрэ тхурэ 1965

Минрэ щибгъуурэ блыщIрэ хырэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

МинитIрэ пщIыкIуплIрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

МинитIрэ щэрэ ищIрэ бгъурэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

## D. Хэт, сыт щыгъуэ къэхъуа?

Фи класэгъуухэм феупщIурэ лъабжьэм щIэт табилицэр из фщIы. ИужькIэ фи зэдэджьэгухэм теухуауэ къэфхутахэр псалъэухаурэ фызэдэгуашэ.

| Си ныбжьэгъум и цIэр | Къыщыхъуа махуэр | Къыщыхъуа мазэр | Къыщыхъуа гъэр |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Ди еджэщым зы махуэм къэхъуауэ ныбжьэгъу .................. щIэсщ. ..................... ................. мазэм къэхъуауэ ныбжьэгъу ....... щIэсщ. Сэр нэхърэ нэхъапэ къэхъуауэ ныбжьэгъу ........ щIэсщ. Ди класым нэхъыжь дыдэу щIэс еджакIуэр ....................... .......’щ. Ди еджэщым нэхъыщIэ дыдэу щIэс еджакIуэр ..............................’щ. ........ ................................ мазэм къэхъуауэ зыри щIэскъым. .................................... рэ .............................рэ зы махуэм къэхъуахэщ.

3

## 2. Ылхэ чlэт илъэсхэр пчъагъэкlэ къэшъутх.

Минрэ шъибгъурэ тlокlишрэ тфырэ l965

Минрэ шъибгъурэ тlокlишрэ пшlыкlутыхрэ ....................................

Минитlурэ пшlыкlуплlырэ ...............................................

Минитlурэ шъэрэ тlокlиплlырэ бгъурэ ....................................

## D. Хэт, сыдигъо къэхъугъ

Уикласс ис уиныбджэгъухэм къызыхъугъэ мафэмкlэ яупчl Ахэр гъэфедээ гущыlэ ухэу къэтыгъэхэм якlурэр ахэгъэуцу.

| Уиныбджэгъу ицl | Къызыхъугъэ мафэр | Къызыхъугъэ мазэр | Къызыхъугъэ илъэсыр |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Сикласс а зы мафэм къэхъугъэ нэбгырэ................ис. ............... мазэм къэхъугъэ нэбгырэ......ис. Сапэ къэхъугъэ нэбгырэ...........ис. Сапэ къэхъугъэ нэбгырэ............ ис. Сикласс анахьыжъэу ис еджакlор ............ ары. Сикласс анахьыкlэ ис еджакlор .......ары. ................................... мазэм къэхъугъэ зи исэп. ......................... ыкlи ......................... а зы мафэм къэхъугъэх.

Е. Пэрытрэ Жансетрэ «Дыщэпс Кафем» щIэсхэщ. Пэрыт къыщыхъуа махуэм теухуа зэIущIэм, Жансетыр ирегъэблагъэ. Лъабжьэм щIэт уэршэрым псынщIэу феджэ.

1. Хэт къыщыхъуа махуэм и зэIущIэ?
2. Къыщыхъуа махуэ зэIущIэр дэнэ къыщыхъуну?



**Пэрыт** : Жансет! тхьэмахуэкIэм зы програмэ уиIэ?
**Жансет** : ЗэкIэ зы програмэ сиIэкъым.
**Пэрыт** : КъакIуэ тхьэмахуэ щэбэт махуэр Жан къыщыхъуа махуэщ. Ридадэрэ сэрэ, ар щымыгъуазэу зэIущIэ зэхыдошэ. УкъэкIуэн?
**Жансет** : СынэкIуэнщ нытIэ. СфIэфIыщэу. Сызэребгъэблэгъам щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI. Дэнэ щыхъунур?
**Пэрыт** : Ридадэхэ къуажэм щыIэ я унэм и хадэм щекIуэкIынущ.
**Жансет** : Дэгъуэщ! СыныщыкIуэкIэ сэ сыт нэсхьмэ хъуну?
**Пэрыт** : Тортрэ ефэн гуэрхэр дэ къызэдгъэпэщынущ.
**Жансет** : Дагъэрыжьэхэри сэ зэзгъэпэщынщ арамэ. Си анэм и дагъэрыжьэхэр IэфIыщэ мэхъу.
**Пэрыт** : Мис мыр фIыщэ хъуащ! Зэредгъэблэгъэн тхылъхэри зэзогъэпэщ. къыдедеджэхэм естынущ.
**Жансет** : Сэ егъэблэгъэн тхылъ къызэптын хуейкъым. IупщIу адресымрэ и сыхьэтымрэ месажу къысхуегъэхь. Сэ игъуэу абы сыщыIэнщ.
**Пэрыт** : ФIыщэщ! ДызэрылъагъунщI.

E. Пэрытрэ Жансэтрэ кафэу Дышэпс чӀэсых. Пэрыт, Жансэт зэхахьэм къырегъэблагъэ. Къызыхъугъэ мафэр хагъэунэфыкӀыщт. ЫӀэкӀэ къэтыгъэ диалогум псынкӀэу шъуадж.

1. Хэт къызыхъугъэ мафэр ыгъэмэфэкӀыщт?
2. Къызыхъугъэ мафэр тыда щыхагъэунэфыкӀыщт?



**Пэрыт** : Жансэт тхьамафэм ыкӀэм зыгорэ пшӀэнэу гухэлъ уиӀа?

**Жансэт** : ДжырэкӀэ зи гухэлъ сиӀэп.

**Пэрыт** : КъэкӀощт тхьамафэм шэмбэтым, Жан къызыхъугъэ маф. Ридадэрэ сэрырэ дгъэгушӀоным пае зэхахьы фэтэшӀы. УкъэкӀощта?

**Жансэт** : Адэ сыкъэкӀощт. Сигопэ дэдэу. УкъызэрэсэджагъэмкӀэ опсэу.Тыдэ щыӀэщт.

**Пэрыт** : Ридадэ иунэу чылэм дэтым ищагу щыхъущт.

**Жансэт** : Сыдэу шӀагъуа! СыкъакӀо хъумэ сэ сыд къэсхьымэ хъущтыр?

**Пэрыт** : Тортумрэ шъонхэмрэ тэ дгъэхьазэрыщт.

**Жансэт** : Ащыгъум дэгъэрыжьэхэри сэ къэсшӀын. Сянэ идэгъэрыжьэхэр Ӏашӏу дэдэ мэхъух.

**Пэрыт** : Мыр дэгъу дэдэ хъугъэ! Егъэблэгъэ тхылъи сэгъэхьазыр, икласс ис еджакӀохэм яастыщт.

**Жансэт** : Сэ егъэблэгъэ тхылъ къысэптын ищыкӀагъэп. Сыхьат пчъагъэмрэ адрэсымрэ зэхэфыгъэу месаж къысфегъэхь. Сэ ащ сыкъэкӀощт.

**Пэрыт** : Дэгъу !тызэрэлъэгъун.

**Уэршэрыр зэ феджэжи упщIэхэм жэуап ефт:**

1. Жан зэIущIэм щыгъуазэрэ?
2. Жан зэIущIэм кIуэну?
3. ЗэIущIэм сыт щашхыну?
4. Жансет и ныбжьэгъум и адресыр дауэ зэригъэщIэну?

## F. БзэзехьэкIэ лэжьыгъэ.

Егъэблэгъэныр дэщтэн.

Пэрыт : “ЗэIущIэм унэкIуэн?”

Жансет : СынэкIуэнщ нытIэ. СфIэфIыщэу. Сызэребгъэблэгъам щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI. Упсэушхуэ.

## G. Сурэтым феплъ. ФемыдаIуэ ипэ упщIэхэм жэуап ефт.

1. Пэрыт хэт иригъэблагъэр?
2. Пэрыт и ныбжьэгъур, къыщыхъуа махуэм теухуа зэIущIэм къэкIуэну ?




Иджы федаIуи фи жэуапхэм фыкIэлъыплъыж.
Зэ федэIуэжи упщIэхэм жэуап ефт:

1. Анзор дэнэ щыIэ?
2. Щэбэт махуэм Анзор и програмэр сыт?

**Диалогум джыри зэ шъуедж ыкIи упчIэхэм джэуап къяшъут:**

1. Жан зэхэхьам икъэбар ешIа?
2. Жансэт зэхэхьым кIощта?
3. Сыд зэхэхьэм ашхыщтыр?
4. Жансэт иныбджэгъу иадрэс сыдэущтэу зэригъэшIэщт?

## F. Бзэ зехьакI.

Егъэблэгъэныр къабыл шIын.

**Пэрыт** : Зэхахьым укъэкIощта?
**Жансэт**: Адээ сыкъэкIощт . Сигопэ дэдэу. УкъызэрэсэджагъэмкIэ опсэу.

## G. Сурэтым шъуеплъ. ШъуемыдэIузэ упчIэмэ джэуап къяшъут.

1. Пэрыт хэт ригъэблагъэрэр.
2. Пэрыт иныбджэгъу зэхахьым къэкIощта?





Джы шъуедэIу ыкIи шъуиджэуапхэр шъууплъэкIужь.
Джыри зэ шъуедэIу ыкIи упчIэхэм джэуап къяшъут:

1. Анзор тыдэ щыIа?
2. Щэмбэт мафэм Анзор сыд ипрограмэр?

## G. БзэзехьэкӀэ

Егъэблэгъэныр дэмыщтэн.

Анзор Жан къыхуитха тхылъым феджэ.




Си Псэу Жан,

Укъыщыхъуа махуэмкӀэ сынохъуэхъу! Сыуигъусэну сыхуейнт, ауэ сыхэтын хуейуэ зы хьэгъуэлӀыгъуэ диӀэщ. Абы щхьэкӀэ уи махуэм сынэкӀуэфакъым. Уи ныбжьэгъухэм я гъусэу зэман дахэ бгъащӀэу си гугъэщ.

Уи ныбжьыщӀэм уузыншэу, гупсэхуу уитыну сынохъуэхъу.

**Анзор**

**Пэрыт** : ЗэӀущӀэм унэкӀуэн?

**Анзор** : Си гуапащэт, ауэ сынэкӀуэфынкъым. Сыхэтын хуейуэ зы хьэгъуэлӀыгъуэ щыӀэщ.

## H. Фырагъэблагъэу фыздэмыкӀуэфа зы зэӀущӀэ къэвгупсыс. Иджы а фи ныбжьэгъум фызэрымыкӀуэфар къыфхуигъэгъуну месаж хуэфтх.

Си Псэу ....,........................................

..........................................................................

..........................................................................

..........................................................................

..........................................................................

..........................................................................

..........................................................................

.......................................

## G. Бзэ зехьакI

Егъэблэгъэныр къабыл мышIын.

Анзор Жан фитхыгъэ тхьапэм шъуедж.




ШIу слъэгъоу Жан,

Укъызыхъугъэ мафэмкIэ сыпфэгушIо! Уадэж сыщыIэнэу лъэшэу сыфэягъ шъхьае тыщыIэн фаеу джэгу горэ тиI. Ащ пае уизэхахьэ сыкъэкIошъугъэп. Сэгугъэ уиныбджэгъухэмрэ орырэ уахътэр дэгъоу жъугъэкIуагъэу. Ныбджэу узэрыхьагэмкIэ псэуныгъэрэ рэхьатныгъэрэ уиIэнэу сыпфэлъаIо.

**Анзор**

**Пэрыт** : Зэхахьым укъэкIощта?
**Анзор** : Лъэшэу сыфэягъ, ау сыкъэкIошъущтэп. СыщыIэн фаеу джэгу горэ щыI.

## H. Шъурагъэблэгъагъэу шъумыкIошъугъэу зы зэхэхьа горэм шъуегупшыс. Джы дэдэ а уиныбджэгъу узэрэмыкIощтым иушъхьагъу мэсаж фэтх:

ШIу слъэгъоу .............................................,
..................................................................................
..................................................................................
..................................................................................
..................................................................................
..................................................................................
..................................................................................
.......................................

## ЕПЛIАНЭ ТЕМЭ. ДУНЕЙР ИХЪУРЕЯГЪКIЭ КЪЭКIУХЬЫН

**А. Лъабжьэм щIэт сурэтым сыт щыфлъагъурэ? Мы къэфакIуэ гупыр фцIыхурэ? Гупым сыт щыгъуэ, дэнэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэну?**




**В. Зэджэн.**

**Нальмэс КъэфакIуэ гупым теухуауэ щыгъуазэ фызыхуэхъунухэм фыкъеджи лъабжьэм щIэт упщIэхэм жэуап ефт.**

Лъэпкъым и гъащIэр, и културэр, и таурыхъхэр и къафэхэру жаIэ хъунщ. Сыт щыгъуэ зыкъэдгъэлъагъуэми ди фащэхэр, ди къафэхэр, ди таурыхъхэр, ди културэр зэрагъэлъагъуну къыткIэлъыплъыну къакIуэ цIыхубэр диIэщ. Дэ къыщыткIэлъыплъкIэ и захуэр ухуеймэ ди блэкIар къыддалъагъуэ. Дэ тщIэуэ длэжь закъуэр, пасэрей ди културэр, ди къафэхэр, ди пшыналъэхэр нобэрей къэгъэлъэгъуапIэм къехьэлIэнырщ. Нальмэсыр, лъэпкъ къафэхэм и хъумакIуэщ; ахэр къызыхэкIахэр зэщIекъуэ, езым и гупсысэкIэр хелъхьэри къегъэлъагъуэ. КъэфакIуэ гупыр, 1936 гъэм Мейкъуапэ щаухуащ. А махуэ лъандэрэ дунейм и щIыпIэ куэдым я къэфэкIэхэр къыщагъэлъэгъуащ, тыгъэ куэди къыхуагъэфэщащ.

ЖаIэ уэрэдхэм пасэрей цIыхубэ къафэхэри пшыналъэхэри хэтщ. Мы къафэхэр егугъуурэ гъэхьэзыра лъэпкъ фащэхэмкIэ къагъэлъагъуэ. Фащэ дахэхэр зэкIу къэфакIуэхэм ящыгъмэ кIэлъыплъхэр арыххэу дехьэхри гъэлъэгъуэныр икIэ нэсыху я нэр къатонэ. Нальмэсым и къэгъэлъэгъуэ псори гум икIыжыгъуейщ. КIэлъыплъхэм ягу къинэну гум щызэхащIэ теплъэгъуэхэр гум имыкIыжу къахуегъанэ. Нальмэсым къэралыгъуэ куэдым зыкъыщигъэлъэгъуащ. Урысейм, Тыркум, Йорданым, Сирием,  белгиием, Германым, Францием хуэдэу. Идджыпсту мы гупым къэфакIуэ 70 хэтщ, абыхэм я ныбжьыр ехьэеуэу 20 хуэдизщ.

## ЯПЛIЭНЭРЭ ДЭРС. ДУНАЕ КЪЭКIУХЬ

Dinleme Konuşma Okuma Yazma

**А. Ыlхэ чlэт сурэтым сыд хэшъулъагъорэ? Мы къэшъуакlо купыр шъуинэlуаса? Къэшъуакlо купым та уахътэм тыдэ лъэгъу къыщагъэлъэгъощт?**




**B. Еджэн.**

**Налмэс къэшъуакlо купым фэгъэхьыгъэ, шыгъуазэ узыщыщт информацые шъуедж ыкlи ыхэ чlэт упчlэхэм джэуап къяшъут.**

ЩыІэныгъэр, културэр,лъэпкъым фэгъэхьыгъэ пшысэхэр къашъокlэ къэтэгъэлъагъо. Зэкlэ <u>тикъэгъэлъэгъонхэм</u>, тлъэпкъ ищыгъынхэр, тикъэшъуакlэхэр, типшысэхэр, тикултурэ зэрагъэлъэгъунэ къакlоу <u>къытэплъыхэр</u> бэ. Шыпкъэр пlощтмэ тэ къытэплъыхэ зыхъукlэ, титарихъ алъэгъух. Тэ тшlэрэ закъор ижърэ тикултурэ, тикъашъохэр, тиорэд мэкъамэхэр непэ пчэгум къилхьаныр ары.

Налмэс лъэпкъ къашъохэм <u>якъэухъумакlу</u>; ахэмэ яхъишъэхэр къеугъои, зэхефы ыкlи пчэгум къырелъхьэ. <u>Къэшъуакlо куп</u>ыр 1936 илъэсым Мыекъуапэ щызэхащагъ. А мафэм щегъэжьагъэу дунаем ичlыпlэ зэфэшъхьафхэм я<u>хореграфие</u> къыщагъэлъэгъуагъ ыкlи шlухьафтын бэ дэдэ къыхьыгъ.

Зыми темыхыгъэ <u>лъэпкъ къашъохэр</u> ыкlи мэкъамэхэр тирепэртуаркlэ тиlэх. Мы къашъохэм атегъэпсыхьагъэу фэсакъызэ агъэхьазырыгъэ шыгъынхэмкlэ къагъэлъагъо. Къэшъокlо <u>lаззхэм</u> шъошэ дахэу ащыгъхэм еплъыхэрэр ашlогъэшlэгъонэу зэу зыпещэх къэгъэлъэгъоныр кlуафэ нэс еплъых. Налмэс иконцэртхэр зэкlэ <u>пщымыгъупшэнэу</u> щыт. Еплъыхэрэм гукъэкlыжь гъэшlэгъонхэр къафегъанэ.

Налмэс непэ къызнэсыгъэм хэгъэгу пчъагъэмэ концэрт къащитыгъ. Гущыlэм пае Урысыем, Тыркуем, Иорданыем, Сирием, Белгиием,Германием, Францыем. Къэшъуакlоу 70 хэт ыкlи къэшъуакlохэм анибжъ гурытымкlэ илъэс 20.

**УпщIэхэр:**

a. Нальмэсыр сыт щыгъуэ щаухуар?

b. Нальмэсым дэтхэнэ къэралыгъуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуа?

c. Нальмэсым иужь дыдэу дэнэ зыкъыщигъэлъэгъуа?

d. Нальмэсым и къафэхэм сытхэр къаIуатэрэ?

e. Нальмэсым къэфакIуэ дапщэ къыщыфэрэ?

f. Нальмэсым къыщыфэн щхьэкIэ ныбжьыр дапщэ хъун хуей?



## 1 Псалъэ лэжьыгъэ

Тхыгъэм хэту и лъабжьэр щIэтхъа псалъэхэр захуэрэ мызахуэрэ псалъэухам фыкъеджэурэ, къарыкIхэр хуэфэщэнкIэ къэвгъуэти гуэгъу зэхуэфщI.

| | |
|---|---|
| 1. Зыкъэгъэлъэгъуэн | A. ЗэфIэкIы къыпэкIуэ фIыщIэ |
| 2. КIэлъыплъакIуэ | B. Щыгъупщэгъуей |
| 3. Зыхъумэ | C. ХузэфIэкI |
| 4. КъэфакIуэ гуп | D. Зы жылэм и фэеплъ културэ къафэ |
| 5. Хореографие | E. Къэфэн папщIэу зэгуэува къызэрыгуэкI |
| 6. Жылагъуэ къафэ | F. Зыгуэрым и Iуплътеплъэхэр хъумэн |
| 7. ЛъапэIэсэ | G. Зы IэщIагъэм хуэIэзэ хъун |
| 8. Щыгъупщэгъуей | H. КъафэкIэ зэгъэпэщын |
| 9. Тыгъэ | I. КIэлъыплъакIуэ |

## C. ЩIэдэIун.

1. Пэрыт, Нальмэсым Дунейр къэкIухьын сурэтышхуэр Жансетрэ и адэмрэ ядогуашэ. Уэршэрым федаIуи упщIэхэм жэуап ефт.

a. И адэм Нальмэсыр илъэс дапщэ ипэ илъэгъуа?

b. Налмэсым и нэхъ цIэрыIуэ япэрей къэфакIуэ нэхъыщхьэр хэт?

c. Нальмэсым дэтхэнэ къэралыгъуэхэм я къэлащхьэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэну?

d. Хэхэс Адыгэхэр дэтхэнэ къэралыгъуэхэм щыпсэурэ?

**УпчIэхэр:**

a. Налмэс сыдигъо зэхащагъ?

b. Налмэс сыд фэдэ хэгъэгуха концэрт къызщитыгъэхэр?

c. Налмэс аужьэу сыд фэдэ хэгъэгуа концэрт къызщитыгъэр?

d. Налмэс икъашъохэм сыда къаIуатэрэр?

e. Налмэсым нэбгырэ тхьапща къыщышъорэр?

f. Налмэсым укъыщышъоным пае уныбж тхьапшын фая?



1

## ГущыIэ зехьакI

Текстым къыкIэгъэтхъыгъэ гущыIэхэр зыхэт гущыIэ ухыгъэхэм шъуяджэзэ гущыIэхэм ямахьанэ къашъушIэ ыкIи зэфэшъухьыс.

| | |
|---|---|
| 1. Къэгъэльэогъу | A. Къэгъэхъэн ыуж къахьырэ шIухьафтын |
| 2. Еплъырэр | B. Щымыгъупщэнэу Iамал зимыI |
| 3. УхъумакIу | C. Перформанс |
| 4. КъэшъокIо куп | D. Лэпкъ гъэнэфагъэм фэгъэхьыгъэ, клтурэм ехьылIагъэ къашъохэр. |
| 5. Хореографие | E. Къэшъоным пае къызэрэугъоигъэ куп |
| 6. Лъэпкъ къашъу | F. Гъэнэфагъэу зы горэ къзыухъумэрэ цIыф |
| 7. Iазэ | G. Iоф горэм фэIазэр |
| 8. Пщымыгъупщэн | H. Къэшъуакiэ горэм игъэпсыкI |
| 9. ШIухьафтын | I. Концэртым еплъынэу кIорэ цIыфыр |

## C. ЕдэIун.

1. Налмэс купым идунае къэкIухьэ иафишэ Пэрыт, Жансэтрэ ятэрэ арегъэльэгъу. ЯзэдэгущыIэгъу шъуедэIу ыкIи упчIэхэм яджэуап къяшъут.

a. Ильэс тхьапш ыпэкIэ ятэ Налмэс ильэгъугъагъ?

b. Налмэс анахь зэльашIэрэ къэшъокIо шъхьаIэу хэта хэтыгъэр?

c. Сыд фэдэ хэгъэгухэм якъэлэ шъхьаIэхэм Налмэс къэгъэльэгъон къыщитыщт?

d. Хэхэс Адыгэхэр сыд фэдэ хэгъэгухэм ащыпсэухэра?




2. Аргуэру зэ федэIуэж; Нальмэсым дэтхэнэ щIытIыгушхуэхэм, дэтхэнэ къэралхэм, дэтхэнэ къэлащхьэхэм зыкъыщагъэльэгъуэну?

| ЩIЫТIЫГУШХУЭ | КЪЭРАЛЫГЪУЭ | КЪЭЛАЩХЬЭ |
| --- | --- | --- |
| | | |

## D. БзэзехьэкIэ

Ильэс 20 льандэрэ Нальмэсыр сльагъуакъым.

1- Нэгъабэ пльэгъуа? ХЬЭУЭ.

2- Ильэси (5-тху) ипэ пльэгъуа? ХЬЭУЭ.

3- Иужь дыдэу сыт щыгъуэ пльэгъуа? Илэс (20-тIощI) ипэ.

4- ИужькIэ зий пльагъужа? Хьэуэ.




2. Джыри зэ шъуедэӀу; Налмэс сыд фэдэ чӀыналъэм, хэгъэгум ,къэлашъхьэм концэрт къыщитыгъ.

| ЧӀЫНАЛЪ | ХЭГЪЭГУ | КЪЭЛАШЪХЬ |
|---|---|---|
| | | |

## D. Бзэ зехьакӀ

Илъэс тӀокӀ хъугъэу Налмэс сеплъыгъэп.

1 – ГъэрекӀо сеплъыгъа? ХЬАУ.

2 – ИлъэситӀ ыпэкӀэ сеплъыгъа? ХЬАУ.

3 – Ауж дэдэ сыдигъо сеплъыгъ? ИЛЪЭС 20- ТӀОКӀ ЫПЭ.

4 – Джыри зэ сеплъыгъа? ХЬАУ.

Къул Мухьэмэд, <u>ильэс</u> <u>40</u> <u>хъуащи</u> къофэ.

Мухьэмэд къафэу сыт щыгъуэ щыхуежьар?

Ильэс 40 ипэ.

Мухьэмэд къэфэныр щигъэтыжа?

НытIэ, ауэ куэдрэ Нальмэсым и гъэлэжьакIуэу щытащ. Иджыхэм културэм щхьэщыту мэлажьэ.

Зэман куэд лъандэрэ Нальмэсыр слъэгъуакъым. (Иужь дыдэу сыт щыгъуэ слъэгъуа? ЗЭМАН КУЭД ИПЭ.)

1995 гъэ лъандэрэ Нальмэсыр слъэгъуакъым. (Иужь дыдэу сыт щыгъуэ слъэгъуа? 1995 гъэм.)

<u>Дыгъуасэ лъандэрэ</u> уэрэд седэIуакъым. (Иужь дыдэу сыт щыгъуэ седэIуа? Дыгъуасэ.)

## Е. Псалъэ лэжьыгъэ

Налмэсым **щыпэ зыкъэгъэлъэгъуитIыр** Турциям и къэлащхьэ Анкарарэ, къыкIэлъыкIуэуи нэхъ къалэшхуэ Истамбыл щекIуэкIынущ.

**Ещанэ** зыкъэгъэлъэгъуэныр Америкэм и къэлащхьэ Вашингтон, еплIанэ зыкъэгъэлъэгъуэныр Нью-Йорк щекIуэкIынущ.

**Ебгъуанэу иужьрей дыдэ** зыкъэгъэлъэгъуэныр Японием и къэлащхьэ Токио щекIуэкIынущ.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | зы | езанэ |
| 2 | тIу | етIуанэ |
| 3 | щы | ещанэ |
| 4 | плIы | еплIанэ |
| 5 | тху | етхуанэ |
| 6 | хы | еханэ |
| 7 | блы | ебланэ |
| 8 | и | еянэ |
| 9 | бгъу | ебгъуанэ |
| 10 | пщIы | епщIанэ |

Ипэ ититIыр



Мыхьамэт илъэс 40 (тIокIитIу) хъугъэу къэшъо.

Сыдигъо Мыхьамэт къэшъоныр иублагъа?

Илъэс ТIОКIИТIУ ыпэ.

Мыхьамэт къэшъоныр ыгъэтIылъыжьыгъа?

Ары. Ау гъэсакIоу бэрэ Налмэс хэтыгъ. Джы министр Культурэу Iоф ешIэ.

Бэ шIагъэ Налмэс сыземыплъыгъэр. (Аужь дэдэу сыдигъо сеплъыгъ? БЭ ШIАГЪЭ.)

I995-м шегъэжьагъэу Налмэс сеплъыгъэп. (Аужь дэдэу сыдигъо сеплъыгъ? I995.)

Тыгъуасэ шегъэжьагъэу орэд седэIугъэп. (Аужь дэдэу сыдигъо седэIугъ? ТЫГЪУАС.)

## Е. ГущыIэ зехьакI

Налмэс **иапэрэ къэгъэлъэгъонитIу** Тыркуем икъэлэшъхьаIэу Анкара етIанэ анахь къэлэ инэу Истанбыл щыIэщтых.

**Яшэнэрэ** къэгъэлъэгъоныр Амэрикэм икъэлэшъхьаIэу Вашингтон, яплIэнэрэ къэгъэлъэгъоныри Ню -йорк щыIэщтых.

**Ябгъонэрэ** ыкIи **аужь**рэ къэгъэлъэгъоныр Японием икъэлэшъхьаIэу Токио щыIэщтых.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Зы | Апэрэ | АпэрэитIу |
| 2 | ТIу | ЯтIонэрэ | |
| 3 | Щы | Ящэнэрэ | |
| 4 | ПлIы | ЯплIэнэрэ | |
| 5 | Тфы | Ятфэнэрэ | |
| 6 | Хы | Яхэнэрэ | |
| 7 | Блы | Яблэнэрэ | |
| 8 | И | Иенэрэ | |
| 9 | Бгъу | Ябгъонэрэ | |
| I0 | ПшIы | ЯпшIэнэрэ | |



## F. Зэджэн

### КЪЭХЪУА ГУЭРЫМ КЪЫХЭКIА КЪАФЭ

1. Сурэтым къыщыфэ къафэр дэтхэнэ къафэ?



Уджыр пасэрей дыдэ адыгэ къафэхэм ящыщщ. Тхьэ куэд щыщыIэ зэманым тхьэлъэIу щащIкIэ тхьэжыгым и хъуреягъкIэ пэублэ къафэу къеуджэкIыу щытащ. Илъэс минитI зиныбжь Нарт IуэрыIуатэхэми и пэублэр удж пшыналъэращ. Мы къафэр ди нобэм нэхъыбэу джэгухэм и ублэгъуэмрэ и ухыгъуэмрэ къыщофэхэ. Уджыр адыгэхэм цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ IэблэкIэ зэрыубыдрэ хъурейуэ къафыхь къафэщ. НыбжьыщIэхэр мы къафэм щызэбгъуроувэ, зэпэхъурейуэ яухуа къафэм дихьэхыу зэрытхъэжхэм и гъусэуи я зэныбжьэгъугъэр ирагъэфIакIуэ. Зэпэщхьэхуэ удж пшыналъэхэри щыIэщ ауэ къызэрыфэхэр дэни щызэхуэдэщ.

1. И лъабжьэр щIэтхъа псалъэхэм къарыкIхэр хуэвгъэфащэ:

| | |
|---|---|
| a. ТхьэлъэIу | 1. Зы щхьэусыгъукIэ екIуэкI зэIущIэ |
| b. УблапIэ | 2. Зы Iуэхум и щIэдзапIэ |
| c. КIэух | 3. Зэбгъурыту Iэблэхэр зэрыубыдын |
| d. IэблэкIэ зэрыубыдын | 4. Зы Iуэхум и ухыгъуэр |

## F. Еджэн

### ХЪЫШЪЭ ЗЫХЭЛЪ КЪЭШЪУАКI

I. Сыд фэдэ къашъуа сурэтым итыр?



Уджыр ижъырэ Адыгэмэ якъэшъуакIэмэ ащыш. Тхьабэ диныр ашIошI зыщыхъущтыгъ уахътэхэм тхьаелъэIу къашъоу агъэфедэщтыгъ. Зы чъыгышхор хъураеу къакIухьэзэ, ублапIэ къашъоу къэшъощтыгъэх. Илъэс минитIу зиныбдж Нарт IорыIуатэхэми яублапIэр удж пшъыналъэхэр ары. Мы къэшъуакIэр непэ нахьыбэрэ джэгум иублэгъумрэ иухыгъомрэ къашIы.

Уджыр Адыгэмэ хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ IаблэкIэ зэрэубытыгъэу, хъураеу къакIухьэзэ къашIырэ къэшъуакI. НыбжьыкIэхэр мы къашъоу щызэгоуцо, агъэпсыгъэ хъураем зэригъэтхъэжьыхэрэм игъусэу язэныбджэгъугъэми хагъахъо. Зэфэшъхьафэу удж пшъыналъэхэр шыI ау икъэшъуакIэ тэкIи щызэфэд.

1. КIэгъэтхъыгъэ гущыIэхэм ямэхьанэхэр къашъушIэ:

| | |
|---|---|
| a. ТхьалъэIу | 1. Ушъхьагъу зиIэ тьалъэIу |
| b. УблапIэ | 2. Зы Iофым икIэдзапI |
| c. КIэух | 3. Зэготэу, Iалджанэхэр зэрыдзагъэу |
| d. IаблэкIэ зэрэубытын | 4. Зы Iофым иухыпI |

2. Япэхэм уджыр сыт щхьэкIэ ЯщIрэт?

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

3. Иджыхэм уджыр сыт щхьэкIэ ЯщIрэ?

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

4. Уджым и  щIыкIэр сыт хуэдэ?

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

## G. ЗэдэIуэн

Иджы удж пшыналъэ федэIуэнущ. Удж пшыналъэм и гъусэу жаIэ псалъэхэм и ныкъуэхэр вгъэтэмэмыж.

**НАРТ IУЭРЫIУАТЭ**

**СОСРЫКЪУЭ МАФIЭ КЪЕХЬ**

Армэ СосрыкъуапцIэ
Армэ лIыфIыцIэ гъущIынэ
МыдэкIэ емынэ шу
......................................
Нарт шухэр щышэсым
Сосрыкъуэр къакIэрыхущ
Жэщибл махуил уаеми
Уэ, къарищIэкIщ
......................................
......................................
Уэ, Имыс мафIэ уиIэ?
Уэ, Сосым, мафIэ уиIэ?
Жьынду ЖьакIэ, мафIэ уиIэ?
......................................
Уэзырмэдж, мафIэ уиIэ?
Нэсрэн ЖьакIэ, мафIэ уиIэ?
......................................
Хъымыщ и къуэ Батэрэз, мафIэ уиIэ?

Албэч и къуэ Тотэрэш, мафIэ уиIэ?
Нартыдзэуэ ежьахэм
МафIэ зиIэ къахэкIкъым.
......................................
......................................
СосрыкъуапцIэ дызыхэмытым
Дэ дыкъыдежьэнтэкъым
Ар жаIэу зыдэщытым
Сосрыкъуи къэсащ
Уэ, СосрыкъуапцIэ
Ди дыщэ лIэужь, ди лIэужьыфI
......................................
Ай хьай сэ сиIэ
......................................
Дзэр псори щызэдекIуэм
Сосрыкъуи къагъэгубжьщ
......................................
Ихьри псым хидзэжщ.

## H. Удж щIыкIэ зэвгъащIэ.

И къафэкIэр; Къафэгъухэр, хъыджэбзыр щIалэм и ижьымкIэ къыщыту, я IэхэмкIэ зэроубыдри зэпэхъурейуэ къефэкI хуэдэу ипэкIэ макIуэхэ. ИпэкIэ щыкIуэхэм лъабжьэм щIэтым хуэдэурэ бэкъуэныр ягъэзащIэ.

1. Лъэбакъуэ ; лъакъуэ ижьыр зы лэбакъуэ ипэ.
2. Лъэбакъуэ; лъакъуэ сэмэгур лъакъуэ ижьым идеж.

2. Ыжърэ уахътэхэм удж къэшъуакIэр сыд пае агъэфедэщтыгъ?

.................................................................................................

3. Уджыр непэ сыд пае агъэфедэрэ?

.................................................................................................

4. Удж къэшъуакIэм ихореографие сыд фэда?

.................................................................................................

## G. ЕдэIун

Джы удж пшъыналъэхэ шъуедэIу. Пшъыналъэм къыдаIорэ орэдыр фэныкъо гущыIэхэмкIэ игъэкъужь.

**НАРТ IОРЫIУАТЭ**

**САУСЫРЫКЪО МАШIО КЪЕХЫ**

Армэ СэусырыкъуапцIэ
Армэ лIышIуцIэ гъучIынэ
мыдкIэ емынэ шыу
.....................................
Нарт шыухэр зышэсым
Саусырыкъо къакIэрыхь
Чэщибл мэфибл уаеми
О, къарешIэкIы
.....................................
.....................................
О, Имыс машIо уиа?
О, Сосым машIо уиа?
Жьындыу ЖьакIэ, машIо уиа?
Аракъшу, машIо уиа?
.....................................
Нэсрэн жьакI, машIо уиа?
Ашэмэз къо Ашэмэз, машIо уиа?
.....................................

Албэчыкъо Тутарыщ, машIо уиа?
Нартыдзэу ежьагъэхэм
МашIо зиIэ къахэкIырэп
Ным икъуитIуи къэтхьаусхэ
Тэ тымыделэмэ
.....................................
.....................................
Ар аIо щытхэу
Саусырыкъо къэсыгъ
О, СаусырыкъуапцIэ
Ти дышэ лIэужъ, ти лIэужьышIу
.....................................
Ай хьай сэ сиI
МашIор ины къафишIыгъ
Дзэ пстэури зытекIом
Саусырыкъо къагъэгубжьы
.....................................
Ихьи псым хидзэжьыгь

## H. Удж къэшъуакIэ зэжъугъашI.

Уджым икъэшъуакI; къызэдашъохэрэр (пшъашъэр кIалэм иджабгъукIэ щытэу) я Iэхэр зэрэубыты ыкIи хъураер къашIын пае мэкIуатэх. КIуатэхэзэ ыхэ чIэт сурэтмэ афэдэ лъэбэкъу азы.

1. лъэбэкъу; лъэбэкъу джабгъур зы лъэбэкъу ипэ.
2. Лъэбэкъу; лъэбэкъу сэмэгур лъэбэкъу джабгъум дэжь.

3. Лъэбакъуэ; Лъакъуэ ижьыр ипэ.
4. Лъэбакъуэ; Лъакъуэ сэмэгур лъакъуэ ижьым идеж.




İ. Зы таурыхъ зиIэ нэгъуэщI зы къафэр фи ныбжьэгъум жефIи и лъэбакъуэхэр зэрыфчынур гурывгъаIуэ.

Къыхэфхыфыну къафэхэр: къэжыхь, адыгэ къафэ, апсыуэ, лъапэруш, къафэ къуаншэ

## Сосрыкъуэ МафIэ Къехь



3. Лъэбэкъу; лъэбэкъу джабгъур ипэ.
4. Лъэбэкъу; лъэбэкъу сэмэгур лъэбэкъу джабгъум дэжь.




I. Шъори таурыхъ зыхэлъ нэмыкI къэшъуакIэ горэ шъуныбджэгъум къыфэшъуIуат ыкIи илъэбэкъухэр зэришIыщтыр гурыжъугъаIу.

Къыхэшъухыщт къэшъуакIэхэр: Чэчэн, къафэ (зэфокIу) Iапсыуа, лъэпэрышъу, къэфэ къуанчэ.

## Сосрыкъуэ МафIэ Къехь



## СОСРЫКЪУЭ МАФIЭ КЪЕХЬ

### НАРТ IУЭРЫIУАТЭ




Армэ Сосрыкъуапцэ
Армэ лIыфIыцIэ гъущIынэ
МыдэкIэ емынэ шу
Нарт шухэр мэшэс
Нарт шухэр щышэсым
Сосрыкъуэр къакIэрыхущ
Жэщибл махуил уаеми
Уэ, къарищIэкIщ
Нартыжьхэри илъэпIыщIэщ
Уэ езыхэри ныззэупщIыжщ




Уэ, Имыс мафIэ уиIэ?
Уэ, Сосым, мафIэ уиIэ?
Жьынду ЖьакIэ, мафIэ уиIэ?
Аракъшу, мафIэ уиIэ?
Уэзырмэдж, мафIэ уиIэ?
Нэсрэн ЖьакIэ, мафIэ уиIэ?
Ашэм и къуэ Ашэмэз, мафIэ уиIэ?
Хъымыщ и къуэ Батэрэз, мафIэ уиIэ?
Албэч и къуэ Тотэрэш, мафIэ уиIэ?




Нартыдзэуэ ежьахэм
МафIэ зиIэ къахэкIкъым.
Анэм и къуитIри къытхьэусыхэщ
Дэ дымыделэтэм
СосрыкъуапцIэ дызыхэмытым
Дэ дыкъыдежьэнтэкъым
Ар жаIэу зыдэщытым
Сосрыкъуи къэсащ
Уэ, СосрыкъуапцIэ
Ди дыщэ лIэужь, ди лIэужьыфI
МафIэ щхьэкIэ дызэтеулIэ
Ай хьай сэ сиIэ
МафIэр ину къахуищIщ
Дзэр псори щызэдекIуэм
Сосрыкъуи къагъэгубжьщ
МафIэр зэхидзыжри
Ихьри псым хидзэжщ.



## САУСЫРЫКЪО МАШIО КЪЕХЫ

### НАРТ IОРЫIУАТЭ

Армэ СэусырыкъуапцIэ
Армэ лIышIуцIэ гъучIынэ
мыдкIэ емынэ шыу


Нарт шыухэр мэшэс
Нарт шыухэр зышэсым
Саусырыкъо къакIэрыхь
Чэщибл мэфибл уаеми
О, къарешIэкIы
Нартыжьхэри илъэпIыкIэ....


О ежьыхэри зэупчIыжьы
О, Имыс машIо уиа?
О, Сосым машIо уиа?
Жьындыу ЖьакIэ, машIо уиа?
Аракъшу, машIо уиа?
Орзэмэс, машIо уиа?
Нэсрэн жьакI, машIо уиа?
Ашэмэз къо Ашэмэз, машIо уиа?


Хъымыщыкъо Пэтэрэз, машIо уиа?
Албэчыкъо Тутарыщ, машIо уиа?
Нартыдзэу ежьагъэхэм
МашIо зиIэ къахэкIырэп
Ным икъуитIуи къэтхьаусхэ
Тэ тымыделэмэ
СаусырыкъуапцIэ зыхэмытым
Тэ тыкъыдежьэнэп
Ар аIо щытхэу
Саусырыкъо къэсыгъ
О, СаусырыкъуапцIэ
Ти дышэ лIэужъ, ти лIэужьышIу
МашIо пае тызэтелIэ


Ай хьай сэ сиI
МашIор иныкъафишIыгъ
Дзэ пстэури зытекIом
Саусырыкъо къагъэгубжьы
МашIор зэхидзыжьи
Ихьи псым хидзэжьыгь

Dinleme Konuşma

## 1 Зэдэlуэн

**A. Фемыдаlуэ ипэ лъабжьэм щlэт сурэтым феплъи сытхэр флъагъуми къывбгъэдэс фи ныбжьэгъум жефlэ.**



**B. Сурэтым аргуэру феплъыжи лъабжьэм щlэт упщlэхэм фи гуп ныбжьэгъухэмрэ жэуап ефт.**

1. Щlалэгъуалэхэр дэнэ щыlэ?
2. Сыт щхьэкlэ абдежым щыlэхэ?

**C. Псалъэхэм федаlуэурэ сурэтхэмрэ гуэгъу зэхуэфlщl.**

пlыщlэн

шхэн

лъакъуэр lуэнтlэн

щlым теджэлэн

lэблэ къутэн

лъакъуэр цlэнтхъуэн

унэм щхьэм къыщырикlуэн

лъатэр къызэlыхьэн

щхьэ уз

lуэщхъун

Okuma Yazma

## 1 ЕдэIун

**A. ШъуемыдэIу ыпэ ыхэ чIэт сурэтхэм шъуяплъ ыкIы шъулъэгъухэрэр къышъугос шъуныбджэгъу ешъуIу.**



**B. Сурэтым джыри зэ шъуеплъ ыкIы ыхэ чIэт упчIэхэр шъуикуп хэт шъуныб-джэгъухэмрэ шъорырэ джэуап къяшъут.**

1. НыбжьыкIэхэр тыдэ щыIэха?
2. Сыд пае ащ щыIэх?

**C. ШъуедэIузэ гущыIэхэмрэ сурэтхэмрэ зэфэшъухьыс.**

Чъыlэ лlэн

хъупцIы

лъакъо ушъорэкIын

Iэлджанэ зэпыутын

унэкIоц фыкъоныгъ

илъакъо Джэен

чIыгум тефэн

гу зэIыхьэн

гъэшIэгъон

шъхьа узныгъ


























## D. Щапхъэм федаIуи фи ныбжьэгъум къыщыщIам феупщI.




## E. ФедаIуи феджэ. ЩIалэгъуалэхэр дэнэ щыIэ? Сыт ящIэр?




**Нэсрэн** : Си гугъэщ куэдрэ сыпамыгъэплъэну. СыIей дыдэу зэхэзощIэ. Ридадэ узыщIэмытIахъуэ абатIкIэ!

**Ридадэ**: Си Iэ илъкъым Нэсрэн! Си куэр Iейуэ машхэ.

**Дижан** : Джэгу утыкум ита шыпсыранэхэм ужьхэуагъэнщ. Тхъурымбей удз щыхуэ уи куэм.

**Нэсрэн** : ХъуэмпIэцIэдж къедзэкъа къудейщ ар. Мыва кIэртIоф щыхуэ и щIыIум.

**D. Щысэм шъуедэlу ыкIи сыдми хъугъэр шъуиныбджэгъум шъуеупчI**




**E. Шъуедэlу ыкIи шъуедж. НыбжьыкIэхэр тыдэ щыIэха? Сыд ашIэрэр.**




**Нэсрэн** : Синасыпмэ бэрэ сежьэн фае хъунэп. Сигу ае мэхъу. Ридадэ икъун узэмыпэстхъыжь!

**Ридадэ** : СиIэмышIэ илъэп Нэсрэн! СилъэкIапIэ ае мэхъупцIы.

**Дижан** : Джэгугум ит пшIэсанэхэм уанэсыгъэщтын. ПрэмыкI уц щыф уилъэкIапIэ.

**Нэсрэн** : Къамзэгу ецэкъагъэ горэщтын. Картоф мыжъуагъэ щыф.

**Дижан** : ХъуэмпIэцIэдж дзэкъахуэу щытмэ, шыгъур зы псы бжэмышхым хэгъэзэрыхьи ар щыхуэ.

**Ридадэ**: Дауэ! Сэ сывгъэжьэну хьэмэ сывгъэхъужыну?

**Сымэджаплъ**: Нэсрэн, дохутырыр плъагъуфынщ. Фэри мы тхыпкъэхэр итхэ кхъыIэ.

**Дохутыр**: Сыт уи лажьэр?

**Нэсрэн** : СопIыщIэ, си щхьэр мэуз.

**Дохутыр**: Уи лъатэр къызэIыхьэрэ?

**Нэсрэн** : НытIэ, щIэх щIэхыу псы схуолIэ.

**Дохутыр**: Ыыыммм. Дыгъуасэрей фестивалым кхъуейм къыхэщIыкIа дагъэрыжьэхэм щыщ пшха?

**Нэсрэн** : Уа, нытIэ. Дауэ къызэрыпщIар?

**Дохутыр**: Ещхь тхьэусыхэхэмкIэ къэкIуауэ сымаджипщI сиIащ нобэ. Шхыным щхъуэ къыуищIащи сытым къыхэкIами дощIэ.

**Нэсрэн** : Дагъэрыжьэхэра?

**Дохутыр**: НытIэ. Нобэ фIы дыдэу зыгъэпсэху псы куэд ефэ. Пщэдей сыкъэлъыхъуэ кхъыIэ.

## F. Зыгъэпсэлъэн кIапэлъапэхэр!

### ЕдаIуэ, жыIэжи гуэгъу зэхуэщI.

1. Сыт уи лажьэр? Узыншагъэ къыуитыж.

2. Iей дыдэу зызэхэзощIэ.





**Дижан** : Къамзэгу ецэкъагъэмэ тхьацугъэтэдж пхъапхъэр зы псы джэмышхыкIэ зэхэшIыхь ыкIи уилъэкIапIэ щыф.
**Ридадэ** : Сыд фэдэ! Сыжъугъэжъощта хьауми сыжъугъэхъужьыщта?
**Сымэджапль** : Нэсрэн, докторур къыожьэ. Шъори мы формхэр къэшъутх
**Доктор** : Сыд уилажъэр?
**Нэсрэн** : ЧъыIэ сэлIэ ыкIи сшъхьэ мэузы.
**Доктор** : Угу зэIахьа?
**Нэсрэн** : Ары ыкIи бэрэ сыкъэжъы.
**Доктор** : Хьыммм. Тыгъуасэ фестивал шаугощыгъэ дэгъэрыжьэхэм ащищ пшыгъа?
**Нэсрэн** : Ыы, ары. сыд фэдэ къэпшIагъ?
**Доктор** : Ощ фэдэкъабзэ сымаджэ хъугъэу нэбгырипшI къэкIуагъ непэ. Пшхыгъэр къогоуагъ ыкIи къогоуагъэри тэшIэ.
**Нэсрэн** : Дагъэрыжьэхэр?
**Доктор** : Ары. Непэ дэгъоу зыгъэпсэф ыкIи псыбэ ешъу. Неущ телефонкIэ къыслъыхъу.

## F. ГущыIэм ихэщыгъу! ЕдэIу, къэIожь ыкIи зэфэхьыс.



1. Сыд уилажьэр? Тхьам уегъэIотэжь.

2. Сигу зыгорэ фэдэу щыт.



**G. Сурэтым феплъ. Зэпсалъэхэр хэт сымэ? ФедаIуи фыкъеджэ.**





**G. Сурэтым шъуеплъ. Хэта гущыIэхэрэр? Шъуедэlу ыкIи шъуедж.**





**Ридадэ**: Дижан, дауэ ущыт?
**Дижан** : Упсэу, сынэхъыфIщ.
**Нэсрэн** : Сыт фэ мыпхуэдэу къыфщыщIар?
**Ридадэ**: УмыгъэщIагъуэ Нэсрэн, унэм зыгуэрцIыкIу ди щхьэ къыщырикIуауэ аращ.
**Нэсрэн** : Дауэ зэрыхъуар?
**Дижан** : Ридадэ дыгъуасэ дыдей къэкIуат. Сценэм къыщыджыхьт.
**Ридадэ**: Лъэгур псыфт. Тлъэгъуакъым. Дижан и лъакъуэр пцIантхъуэри щIым теджэлащ.
**Дижан** : Ридади сэ къыстеджэлащ. Сэ си лъакъуэр IуэнтIа къудейщ ауэ Ридадэ и Iэблэр къутащ.
**Нэсрэн** : Уэху! Тхьэм узыншагъэ къывитыж.
**Ридадэрэ Дижанрэ**: Упсэу.
**Нэсрэн** : Къуажэм къэущхъуэнтIа хадэшхуэр фIы фыхъужыным къыпоплъэ!
**Ридадэ, Дижанрэ, Нэсрэн**: Псори зэщIодыхьэшхэ.

**Н. Ридадэрэ Дижанрэ я егъэджакIуэм абыхэм къахуитха тхыгъэм федаIуэурэ фыкъеджэ.**

ПщIэ зыхусщI Ридадэрэ Дижанрэ,

Тхьэм узыншагъэ къывитыж! Унэм фи щхьэ къыщырикIуар згъэщIэгъуащ. ПсынщIэ дыдэу фIы фыхъужыну согугъэ.

Фи егъэджакIуэр

**I. ИщхьэкIэ тет тхыгъэм феплъурэ фэри фи ныбжьэгъум фыхуэгузавэу тхыгъэ хуэфтх.**

ПщIэ зыхусщI ..................................,

..........................................................................................................

..............................................................................................................

...........................

**Ридадэ** : Дижан, сыдэу ущыт?
**Дижан** : Опсэу, нахь сдэгъу.
**Нэсрэн** : Сыд къышъущыщIыгъэр?
**Ридадэ** : УмыгъэшIагъу Нэсрэн, унэкIоцI фыкъоныгъэ горэ тпэIэкIыгъ.
**Нэсрэн** : Сыд фэдэу хъугъэ?
**Дижан** : Ридадэ тыгъуасэу тадэжъ къэкIогъагъ. коридорум тыщычъэщтыгъ.
**Ридадэ** : ЧIыгур цIынэ къыкIэкIыгъ. Тлъэгъугъэп. Дижан ылъакъо джайи тефагъ
**Дижан** : Ридадэри сэ къыстефагъ. Сэ слъакъо ушъорэнкIыгъ ныIэп ау Ридадэ ыIэлджанэ зэпыутыгъ.
**Нэсрэн** : Ара! Тхьам шъуегъэIотэжь.
**Ридадэрэ Дижанрэ**: Опсэу.
**Нэсрэн** : Чылэм щыIэ хэтэ шхъонтIабзэр шъухъужьыным ежэ.
**Ридадэ, Дижан, Нэсрэн**: Зэрэгъэдэхьашхых.

**Н. Ридадэрэ Дижанрэ яегъэджакIо къафитхыгъэ тхьапэм шъуедэIу ыкIи шъуедж.**

ШIу слъэгъоу Дижанрэ Ридадэрэ,

Тхьам шъуегъэIотэжь! ШъушъхэкъырыкIуагъэ унэкIоцI фэкъоныгъэр бо згъэшIэгъуагъ. ЧIэхэу шъухъужьынкIэу шъусфэлъаIо.

ШъуегъэджакIу

**I. Къэтыгъэ текстым шъоплъызэ шъори шъуиныбджэгъу оIотэжь месаж зэрыт тхьапэ фэшъутх.**

ШIу слъэгъоу .....................................,

.........................................................................................................

.........................................................................................................

............................

# ЕХАНЭ ТЕМЭ. ЕПЩІЫКІУЩАНЭ МЭРЕМ МАХУЭ

Dinleme Konuşma

## 1 Лъабжьэм щІэт упщІэхэм псоми зэгъусэу жэуап ефт:

a. ФІэщхъуныгъэ лъабжьэншэхэр фиІэ?
b. 13. Мэрем махуэр сыт?
c. Нобэ фи щхьэ сытхэр кърикІуэфын?

## 2 Пэрыт и насыпыншагъэ мэрем махуэр

**a.** Лъабжьэм, Пэрыт и щхьэ кърикІуахэм фыщеджэнущ. Ипэу тхыгъэм псынщІэу фыкъеджэ. ИщхьэкІэ щыжыфІахэм ещхь гуэрхэр къэхъуа? Фызэхуеплъыж.

Иджы фыхусакъурэ фыкъеджэ, тхыгъэм къыкІэлъыкІуэ упщІэхэм жэуап ефт.

Нобэр сэрщхьэкІэ зий махуэфІ хъуакъым. Пщэдджыжьым жьыІуэу 6.30 м сыкъэтэджыну сыхуеящ. Ауэ сыкъэтэджыфакъым. ЗищхьэкІэр пІэм сыкъехуэхащ. Си лъэхъамбэ жьакІэр згъэузыжащ. Сыкъэтэджыну сыщыхуеІэм си щхьэр сызщылажьэ Іэнэм езудэкІащ. Си натІэр къытебэгащ.



Okuma Yazma

## 1 Ыхэ чIэт упчIэхэм пстэуми шъузэгъусэу джэуап къешъут:

a. Лъабжьэнчъэ шIошIхъуныгъэхэр шъуиIа?
b. 13. Бэрэскэшхо мафэр сыда ?
c. Непэ шъушъхьэ сыдхэр къырикIошъун?

## 2 Пэрыт и насыпынчъэгъэ бэрэскэшхо мафэр

**a.** Ыхэ Пэрыт ишъхьэ къырыкIуагъэхэм шъуяджэщт. Ыпэу тхыгъэхэм псынчIэу шъухаплъ. ИшъхьэкIэ къэшъутыгъэ джэуапхэм афэдэ техъухьэхэр хъугъа, шъууплъэкIужьых.

Джы шъуфэсакъыызэ шъуеджт ыкIи тхыгъэм къыкIэлъыкIорэ упчIэхэм джэуап ешъут.

“Непэ сэ пае зи мэфэ дэгъу хъугъэп. Пчъэдыжьым жьэу 6.30 м сыкъэтэджынэу сфэягъ. Ау сыкъэтэджышъугъэп. Сыда пIомэ пIэм сыкъефэхыгъ! Си лъэкъуамбэ жьыер згъэузыжгъ. Сыкъэтэджынэу зысэIом сшъхьэ сызщылажьэрэ Iанэм есыутэкIыгъ. СинатIэ къэбэгыгъ..



ЗыгъэпскIыпIэм сыщIэхьащ. Лъэгур псыфт. Си лъакъуэр пцIантхъуэри сыджэлащ. Си шхуэжьр иущэбащ.

СызэщIэкъуауэурэ псы зыдэзгъэжэхыну иужь сихьащ. Мылым хуэдэу псы! Псы хуабэр пыупщIат. Мылым хуэдэ псымкIэ псынщIэу псы зыдэзгъэжэхащ.



Псы зыдэзгъэжэхауэ сыкъыщыщIэкIыжым аргуэру си лъакъуэр пцIэнтхъуащ. Нэпафэу сытехуащ, си зы дзэр сIуудащ. Си дзэм лъыпс къижу хуежьащ. Абдеж дыдэм бжьэхуц кIапэ си жьэм жьэдэслъхьащ.



Зыгъэпскlыпlэм сыкlуагъь. Чlыгур цlынэ къыкlэкlыгъ. Слъакъо джайи стефагъ. Сишъухыжъ зэхэпlытlагъ. Сыдэпкlаезэ псы къызэзгъэшэхынэу ыуж сихьагъ. Псыр къыlусхыгъ. Мылым фэдэу псы. Псы фабэр пыупчlыгъ. Мылым фэдэ псымкlэ псынчlэу псы къызэзгъэшэхыгъ.



Псы къызэзгъэшэхи сыкъикlыжьын сlо пэтрэ слъакъо джэягъэ. Напэкlэ стефагъ; си зы цэ lуутыгъ. Сицэ лъы къыкlин фежьагъ. Ардэдэм бзыуцыф тlэкlу сижэ дэслъхьагъ.



Си пэщым сыкIуэжащ. ЗыщыстIэгъэну сызыхуей фащэхэр згъуэтыжакъым. Пщэдджыжьым зэпсори си анэм жьыщIыгъэ машинэм ирилъхьат. Жьыуэ зы цыджанэрэ кот гъуэншэджрэ зэщыстIэгъащ.

Аркудейкlэ иухакъым. Пщэдджыжьышхэ сщIыну пщэфIапIэм сыкIуащ. Хьэкум жьэпхъалъэр къытесхыну сыхуеят си Iэблэр езгъэсыжащ. ЩIакхъуэм къыщыгуэзгъэжым си Iэхъуамбэр сыуIэжащ. ЕджапIэм сыкъыкIэрхунути пщэдджыжьышхэм сыпыкIыжащ.





Си дзэр Iухуауэ, си фащэхэр фIейуэ, си Iэблэр исауэ, си Iэхъуамбэр уIэгъэу унэм сыкъыщIэкIащ.

Сыныбэнэщlу еджапIэм сыкъэкIуащ. Сыт къэхъумэ уигу ирихьын? Си тхылъылъэр унэм къыщысщыгъупщауэ къыщIэкIащ.

Иджыри зэфIэкIакъым! Си дзэм щхьэкIэ еджапIэм и сымаджэм щеIэзэ пэшым сыкIуати сымаджэм щеIэзэ пэшыр гъэбыдат. ЕIэзэнур сымаджэ хъури къэкIуэфатэкъым.

Си анэр къэслъыхъуэри псори жесIащ. Дохутырым пIалъэ къыIихыну къызжиIащ. Ауэ тхьэмахуэкIэм си дзэр къутауэ унэм сыщIэсынущ.

Си пэщым сыкIуагъ. Зыщыслъэнэу сызыфае шыгъынхэр згъотыжьыгъэп. Зэпстэури пчъэдыжьым сянэ машинэм рилъхьагъэ къыкIэкIыгъ. Зы тшёрт жъырэ зы кот гъончэдж зэкIэтхъыгъэрэ зыщыслъагъ.

Ухыгъэп джыри! Пчъэдыжьышхэ сшIынэу пшъэрхьэпIэм сыкIуагъ. Хьакум жьапхъэр къытесхын сIозэ сиIэлджанэ згъэсыжьыгъ ыкIи хьалыгъу сыбзын сIозэ сиIэхъуамбэ пысыупкIыжьыгъ. ЕджапIэм сыкIонэу сыкIэсэщт сIуи пчъэдыжьышхэм сыпыкIыжьыгъ.





Сицэ Iуутыгъ, си шыгъыкнхэр шIойи, сиIэлджанэ сыгъэ. сиIэхъуамбэр уIагъэу унэм сикIыгъ.

СымэлакIэу еджапIэм сыкъэкIуагъ. Сыд хъумэ уигу рихьэн? Си тхылъылъэр унэм къысинагъэу къыкIэкIыгъ.

Ухыгъэп джыри! Сицэ пае еджапIэм и ревирым сыкIуагъэти Ревирыр гъэпытагъ. Сымэджаплъэр сымаджэ хъугъэти къэкIошъугъэп.

Сянэ слъыхъуи пстэури есIуагъ. Докторум пIалъэ къыIихынэу къысиIуагъ. А тхьэмафэкIэм сицэ къутагъэу унэм сисыгъ.

Дерсым сыщIэхьащ. ЕджакIуэм нобэм и пIалъэр дигу къигъэкIыжащ. Мазэм и 13 мэрем махуэт.

Иджы гурыIуэгъуэщ. Нобэр пэжу сэркIэ Мэрем махуэм и 13 щ. НэгъуэщI сыт къэхъуфын?




**b. Захуэ / Къуаншэ**

Лъабжьэм щIэт псалъэухахэр захуэмэ з къуаншэмэ къ фтхы. Псалъэ къуаншэхэр зэвгъэзэхуэж.

1. Нобэр Пэрыт щхьэкIэ махуэфIтэкъым. ...............
2. Пэрыт псы щIыIэкIэ зигъэпскIащ. ...............
3. ТIо лъэгум щыджэлащ. ...............
4. НэхъыфI дыдэу илъагъу фащэр зыщитIэгъащ. ...............
5. ЩIакхъуэр щызэпиупщIым и Iэхъуамбэр пиупщIащ. ...............
6. И тхылъылъэр и ныбжьэгъухэм ягу ирихьащ. ...............
7. Дзэм еIэзэр и дзэр зэрыIуигъэхуам щхьэкIэ къыхуэгубжьащ. ...............
8. И анэм дохутырхэм пIалъэ къаIихащ. ...............

Дэрсым сыкӀэхьагъ. ЕгъэджакӀом непэ итарыхъ тигу къигъэкӀыжъыгъ. Мазэм и 13 ыкӀи бэрэскэшху маф!

Ӏджы къысгурыӀуагъ. Непэ сэркӀэ шыпкъэкӀэ бэрэскэшху мафэм и 13. НэмыкӀэу сыд къэхъушъун?




## b. Зафэ / Къуанчъэ

Ӏхэ чӀэт гущыӀэухыгъэхэр зафэмэ З къуанчъэмэ КЪ шъутх. ГущыӀэухыгъэхэм ахэт къуанчъэхэр зэжъугъэзэфэж.

1. Непэ пэрыткӀэ насыпынчъэ мэфагъ. ................
2. Пэрыт псы чъыӀэкӀэ зигъэпскӀыгъ. ................
3. ТӀо чӀыгум тефагъ. ................
4. Анахь шӀу ылъэгъурэ шыгъынхэр зыщилъагъ. ................
5. Хьалыгъу ыбзы пэтрэ ыӀэхъуамбэ ыуӀэжьыгъ. ................
6. Ӏтхылъылъэ ыныбджэгъухэм агу рихьэгъ. ................
7. Ыцэ зэрэӀууитыгъэм пае сымэджаплъэр къыфэгубжъыгъ. ................
8. Янэ докторым пӀалъэ къыӀихыгъ. ................

**с. Лъабжьэм щIэт псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ Пэрыт къыщыщIар фтхы.**



Къутэн

Дзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



ЕудэкIын

Щхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

**с. Ыхэ чӀэт глаголхэмрэ пкъыгъуацӀэхэмрэ жъугъэфедэзэ Пэрыт ышъхьэ къырыкӀуагъэр шъутх.**



Іуутын

Цэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



ЕутэкӀын

Шъхьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



ЦIэнтхъуэн
Лъакъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



Бэгын

Шхуэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . .



УIэн

Iэхьуамбэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



Джэен
Лъакъо . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .



ЗэхэпIытIэн

Шхужъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . .



Гъэузыжьын

Iэхъуамбэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

**3** **Зэпсэлъэн**

Зы журналист хуэдэу Пэрыт зыгуэр щхьэкIэ тевгъэпсэлъыхьу фегупсыс. Къывит жэуапхэр лъабжьэм щIэтщи упщIэхэр хуэвгъэув.

1. ..........................................................................?

Мэрем махуэт.

2. ..........................................................................?

Хьэуэ, зищхьэкIэр гъуэлъыпIэм сыкъехуэхащ.

3. ..........................................................................?

Си щхьэр езудэкIащ; абы щхьэкIэ къэпщащ.

4. ..........................................................................?

Хьэуэ аратэкъым, щIыIащэт.

5. ..........................................................................?

Си анэм жьыщIыгъэ машинэм ирилъхьат.

6. ..........................................................................?

